

**КАДИ НОМХÆССÆНТÆ БИЙНОНТÆЙ ДÆР ÆМА ГЪÆУБÆСТÆЙ ДÆР ÆНТÆСУНЦÆ!..**

***Рабиндранат ТАГОР (1861-1941), индиаг номдзуд финсæг, рохситауæг: «Алли адæмихатт дæр æ медхъауритæ æнæгъæнæй дæр гъæуама равдеса еугур дуйней рази. Кæд дуйне неци раттунгъон æй, уæд е ба гъæуама нимад æрцæуа национ фудракæндæбæл. Е мæлæтæй фуддæр æй, æма ин адæмти истори неци хузи ниххатир кæндзæнæй...» Аци разагъди лæги фæдзæхст нин зундихуасæн исбæззæд...***


# Дигорæ

Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

0+

№30 (950) 2024 анзи 16 август – сухи мæйæ

Аргъ 1 туман


**РАФИНСЕТÆ ГАЗЕТ «ДИГОРÆ»**

2024 АНЗИ ДУККАГ ÆМБЕСÆН.
Æ РАФИНСУНИ АРГЪ АНЗИМБЕСÆН ÆЙ 368 СОМИ ÆМА 10 КЪАПЕККИ; УÆЛБАРТÆМÆ ГÆСГÆ БА – 324 СОМИ ÆМА 48 КЪАПЕККИ.

ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА ПОСТХÆСГУТÆМÆ.

**ЦАРД ЦÆМÆЙДÆРИДДÆР ФЕДАУЙ, Е АДÆМÆН СÆХЕЦÆЙ АРАЗГÆ ÆЙ!..**

# ÆЙ ГЪÆУБÆСТÆ НАМУСИ ÆМА АМОНДИ РÆЗБУН!..




Аци бæнтти Лескен – нæ Иристони цитгиндæр гъæутæй еу – бæрæг кæнуй æ равзурди астинсæй анзи. Уой фæдбæл зæрдиагæй арфæ кæнæн гъæубæстæн – абони си ка цæруй, уæдта, гъæуккæгтæй нур æндæр рауæнти ка цæруй, уонæн дæр. Нæ арфитæй ба æнцæ, мæнæ нæ газети абони рауагъди ци æрмæгутæ мухур кæнæн, етæ дæр.

Фиццаг фарсбæл рæзæбæласи къарæ сæрмагонд нисанеуæги хузи мухур кæнæн. Еуемæй, Лескен алкæддæр Иристони нимад цудæй тæккæ рæзбундæр гъæутæй еуебæл. Советон хецаудзийнади фиццаг æнзти алæмæти искурдиадæгин рæзикустгæнæг **Хидирти Батæрбеги** хъæппæреси æма е 'мкустгæнгути фæллойни фæрци ами фæззиндтæй рæзбунтæ – сæ фæзуат адтæй æртæсæдæ гектаремæй фулдæр. Ци аллихузон рæзи тиллæг си æрæмбурд кæниуонцæ, уомæй хайгин уиуонцæ нæ республики æма уомæй еуварсдæр рауæнти цæрæг дзиллæ дæр.

Иннемæй ба, рæзæбæласи къарæмæ гæсгæ ма уой зæгъуйнаг дæн, æма Лескен «тиллæггун» адтæй, æхсæнадæн берæ гъæугæ гъуддæгути ка фескъуæлхтæй æма абони дæр ка 'скъуæлхуй, уæхæн адæймæгутæй.

Етæ 'нцæ адæмон хæдзаради еугур къабæзти архайæг дæсни специалисттæ, æнтæстгинæй фæллойнæ кодтонцæ æма кæнунцæ айдагъ сæ райгурæн гъæуи æма Иристони нæ, фал сауæнгæ нæ Фидибæсти берæ æндæр рауæнти дæр. Махмæ гæсгæ, нæ газеткæсгутæ дæр сæ зондзæнæнцæ, берети туххæй си æрмæгутæ мухургонд цудæй нæ газети дæр, уомæ гæсгæ ба уони туххæй кæрæй-кæронмæ абони нæ дзордзинан. Багъæуаги ба син сæ кой æнæмæнгæ ракæндзинан.

Мæнæ рæзæбæласи фæйнæфарсеми ци дууæ къари ниввардтан, етæ ба уой æвдесæн æнцæ, æма Лескенæн æ æзинибон дæр намусгин æй арфиаг гъуддæгутæй, мадта æ исонибон ба никки зæрдæмæдзæугæдæр уодзæнæй, нур си ци кæстæр фæлтæртæ ирæзуй, уони лæгдзийнæдтæй.

Еци еугур хабæрттæмæ гæсгæ ба нæ бон æй Лескени туххæй федарæй уотæ зæгъун: «Æй гъæубæстæ намус æма амонди рæзбун!..»


http://gazeta-digora.ru E-mail: gazeta-digora@inbox.ru

***ИСАТИ Мæхæмæт (1928-2011), филологон наукити доктор, профессор: «Нæ фидтæлтæ цитгин уомæй адтæнцæ, æма лиагъæ сæ сæрмæ некæд хастонцæ. Сауæнгæ ма бонгинтæн дæр сæхе æрдæлæмæ кæнун нæ уагътонцæ. Малити Геуæрги хумæтæги нæ финста: «Æнцæ дигорæ хецмæрез,// Кæсуй æлдар сæмæ стур нез...» Еци дессагдзийнадæмæ гæсгæ ахургæндтæ агорун байдæдтонцæ нæ адæмæн сæ уедæгтæ, сæ бундор. Мæнæ сауæдонæн æ фейгурæн бунат куд агорай, уотæ æсгарстонцæ историй къумтæ.***



# «О, МÆ РАЙГУРÆН ГЪÆУБÆСТÆ, МÆ УОД ДИН НИВОНД КÆНУН...»



**ХИДИРТИ Ехйа**

(1934-1999),
поэт,
публицист

***Лескени исæвзурд æма æ цардвæндаги туххæй нæмæ ци æрмæгутæ разиндтæй, уонæй нæ номдзуд поэт æма публицист Хидирти Ехйай финст уац хумæтæги нæ равзурстан: еуемæй, æхуæдæг аци гъæуккаг адтæй æма хабæрттæ бæлвурддæрæй зудта, иннемæй ба е 'рмæг зингæ æнхæстдæр разиндтæй æвдесæнтæ æма дæнцитæй. Финсгæ ба 'й никкодта 1996 анзи. Уой уомæ гæсгæ баханхæ кодтан, æма Ехйа, гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, æ уæлзæнхон цардæй рахецæн æй 1999 анзи. Æма æ финст æрмæгмæ Лескени нури цардарæзти уавæртæмæ гæсгæ, ка 'й зонуй, цидæр æййивддзийнæдтæ дæр бахæссун æнгъезуй, фал си неци æййевæн. Еугæр автор цардæгас нæбал æй, уæд уæхæн гъуддаг, махмæ гæсгæ, нæ федауй. Уæдта, лескейнæгтæй æй ка бакæса, етæ 'й сæхуæдтæ хуæздæр рахатдзæнæнцæ, кæддæр куд адтæй æма нур куд æй, уой.***

*О, мæ райгурæн гъæубæстæ,*
*Мæ уод дин кæнун нивонд,*
*Ку ди не 'фсæдуй мæ цæстæ,*
*Ку ди не 'фсæдуй мæ уод.*

Чикола ку нæ нимайай, уæд, Ирæфи райони ци берæ гъæутæ ес, уонæн сæ тæккæ устурдæр æй Лескен. Æ хæдзæртти нимæдзæ æй минмæ хæстæг. Æ географион æвзурдмæ гæсгæ е лæууй Кавказæн æ тæккæ бæрæг астæу. Лескенæй Кавкази цæгат арæнмæ, Кума – Манычски хъулуфмæ ес 640 километри, æ хонсар арæнмæ, Лекинакани фалдзосмæ дæр – раст уойбæрцæ. Хорискæсæн æрдæмæ, Каспий денгизи уæнгæ ба – 600 километри, хорнигулæни. Сау денгизи билæмæ дæр – 600 километри.

Кæми æрæнцадæй билгон тæрхæгбæл, уордиги хуæнхрæбунмæ 20 километремæй фулдæр нæййес. Æ дууæ фарсемæ ци бæрзонд къолрæгътæ цæуй, етæ æмбæлунцæ хуæнхтæбæл, æмбæрзт æнцæ къæбæлдзугсæр арф тæрсæгъæдтæй, кæцимити ци хузи сирд æма маргъ нæййес, уæхæн, æвæдзи, нæ разиндзæнæй.

Ирæзуй си берæ аллихузи гъæддаг рæзæ, уæдта æхсæрæ, тæрсæ, нинæгъ, дзæдурæ.

Деденæгæй идзаг æрдозтæ æма си игуæрдæнтæ æнцæ цъæх горцъей хузæн рæсугъд, алли дзæбæх зайæгойтæй гъæздуг.

Лескени хуасгæрцитæй «Даргъон» зундгонд æй еугур райони дæр, уомæн æма æхе райтигъта хъæбæр устур лигъз будурбæл, хуæнхтæ æма гъæдтæ ба ибæл æртумугъ æнцæ зилдæгæй: æ дууæ фарсеми ба гъæдрæбунти уайунцæ цъетедæнттæ, æ астæути ба ес берæ сауæдæнттæ. Етæ еугурæйдæр, уæдта Лескени устур цæугæдон дæр æнцæ идзаг кæсалги хуæздæр муггæгтæй, силгæ æма бецъойæй.

Лескенæн æ зæнхитæ гъæздуг æнцæ саумæрæй, е ба æй хъаурæгин æма си алли тиллæги муггаг дæр хуарз ирæзуй. Уæлдай хуарз си цæуй рæзи куст.

Гъæуæн  е 'рдзон уавæртæ æнцæ алæмæти зæрдæмæдзæугæ. Некæд си фæууй зумæг бустæги уазал, уалдзæг ба – æгæр тæвдæ. Ардиги нæ хуæнхти рæсугъддзийнæдтæмæ адæймаг кæсунæй не 'фсæдуй. Сæ тæккæ бæрзонддæр æй Дигоргоми æносон мæсуг Уазай хонх, кæци лæууй гъæуæн е 'ррæстæ.

Е лескейнæгтæн уæлдай хъазардæр уомæй æй, æма будурмæ ралигъдæнцæ уой дæлбазурæй: Лезгор, Къумбултæ æма Донифарсæй. Фал цума кæд æма кутемæй? Куд рантæстæй сæ фæрнæйдзаг æма кадгин дигорон гъæу Лескен?

Хехес æма Лезгори цæргутæ 1853 анзи ниффинстонцæ Уæрæсей паддзахæн æ Кавкази фæсдзæуинмæ, цæмæй син равардтайдæ барæ будурмæ раледзунæн, фал дзуапп нæ райстонцæ. Æхсæз анзей фæсте, 1859 анзи нæуæгæй балæвардтонцæ сæ курдиадæ уæхæн загъди хæццæ, кæд нин, зæгъгæ, ами нæййес, кумæ раледзæн, уæхæн бунат, уæдта нæ рауадзæнтæ Туркмæ. Нæ зонæн, паддзахи фæсдзæуинттæ цæбæл расагъæс кодтонцæ, фал еци корæг адæм 1860 анзи райстонцæ дзуапп, зæгъгæ, хецауадæ агоруй дууинсæй лезгойраг хæдзаремæн бунат Кæсæги зæнхити, хехесæгтæн ба – Кубани. Хехесæгтæ еци тæрхонбæл нæ исарази 'нцæ. Лезгойрæгтæн ба 1865 анзи лæвæрд æрцудæй 150 дæсæтини Муртазати зæнхити. Еци анзи райдайæни уонæй дууадæс бийнонти сæ нæуæг зæнхити райдæдтонцæ тиллæги куст кæнун, фæззæг ба сæмæ рагоц кодтонцæ, ци мулки мортæ сæмæ адтæй, уони хæццæ æма æрцардæнцæ, Хути гъæу, зæгъгæ, ке исхудтонцæ, уоми. Еци гъæу адтæй, нури Лескен кæми æй, уоми нæ, фал Зæронд Лескени уæллæй цæугæдони рахес фарс. Хути гъæу уомæн хундтæй, æма си ци дууадæс бийнонти цардæй, уонæй фараст адтæнцæ Хути муггагæй. Раст зæгъгæй, хуæнхбæстæй ка рацудæй, уонæй кадæртæ ба фæллигъдæнцæ цæрунмæ, нури Озрек кæми 'й, уордæмæ. Е адтæй 1926 анзи. Лескени ба еци озреккаг муггæгтæ – Гегкитæ, Хъæбæлотæ, Цæрикъатæ, Галачитæ, Къомехтæ – цæргæ дæр некæд кодтонцæ.

Нури Лескен ци рагон Хути гъæуи бунати æй, е ба æ рæстæги уотемæй фæззиндтæй. Цæветтонгæ, Хути муггагæй еу лæг кæсгон гъæу Хъогъалухъти рамардта кæсгон лæги. Уой фудæй Хутæй цуппар æнсувæри тард æрцудæнцæ уордигæй. Исæфтудæнцæ æма гъæубунат æркодтонцæ, нур Лескен кæми 'й, еци рауæн Лескени дони галеу фарс билгæрон.1878 анзи уордæмæ, Хути гъæумæ, хонхæй æма иннæ медкоймаг дигорон гъæутæй ледзун райдæдтонцæ анзæй-анзмæ берæ уæхæн муггæгтæ –  Надгеритæ, Тотойтæ, Дзагуртæ, Хъаратæ, Уæдатæ, Амилахуантæ, Махъотæ, æссæнттæ ( Лескени си цæрдæй 95 муггаги). Етæ сæ зæнхитæ кæсгон къниæзтæй еугурæйдæр æлхæнгæ бакодтонцæ, кæддæр кæд сæхе рагон фидтæлти адтæнцæ, уæддæр. Хути гъæу устур ку иссæй, уæд æ ном, ка си цардæй, уони фæндæмæ гæсгæ æййивд æрцудæй, æма 'й 1893 анзи исхудтонцæ, ци дони билæбæл æрæнцадæй, уой номæй – Лескен.

Гъæу ирæзтæй æма æ цард аразта æ фадуæттæ куд амудтонцæ, уотæ. Кодтонцæ фонс æма зæнхи куст. Фиццагидæр си хирхфадæн исаразта 1904 анзи **Хъарати Муса**, уой фæсте ба си уæхæн хирхфадæн фæззиндтæй Фæнсиуарæни дæр. Гъæуи адæм кодтонцæ æвзалу содзуни куст дæр. Сæ тиллæгæй сæйрагдæр адтæнцæ нартихуар æма хъæбæрхуар. Фонсæй ба дардтонцæ гъоцитæ, фустæ, сæгътæ. Адтæй сæмæ бæхæргъæуттæ дæр. Уæдати бæхти хатт нимад адтæй Уæрæсей тæккæ хуæздæртæй сæ еуебæл.

Лескени колхоз арæзт ку 'рцудæй, уæд си фонс æма тиллæги кусти хæццæ устур æргом раздахтонцæ рæзи кустмæ. Гъæууонхæдзарадон уæлдæр ахургæнæндонæ каст ка фæцæй Краснодари, уæдта ма Мичуринмæ ка исахур кодта, еци агроном-рæзбунгæнæг, нæуæг рæзи муггæгутæ æримисæг **Хидирти Батæрбеги** разамундæй си арæзт æрцудæй Цæгат Кавкази тæккæ устурдæр рæзбун, кæци ахæста 330 гектари къолрæгътæбæл. Рæзæ ку исахид æй, уæд уой фæдбæл гъæуи арæзт æрцудæй рæзикустгæнæн завод дæр.

Гъæуæн еци рæстæги æ уод дæр ка не 'вгъау кодта æма ин хуарз разамунд ка лæвардта, хуæрзæрдæмæ ибæл ка фæббæрæг æй, етæ адтæнцæ Батæрбегæй уæлдай ма **Тубети Агубекир**, **Дзодзати Дабе**, уæдта се 'мкосгутæ. Сæ кустуарзон гъæуккæгтæ сæ фæдбæл рацудæнцæ еузæрдиуонæй æма сæ къохи бафтудæй устур æнтæстдзийнæдтæ. Уони разæнгарддзийнадæй гъæуи арæзт æрцудæй скъола, афтек, сæйгæдонæ, сувæллæнтти рæвдауæндонæ, устур куройнæ, гъосингæнæн æма агоригæнæн заводтæ, гарнатæ, рæзикустгæнæн завод, хирхфадæн, дзолгæнæн, царвцæгъдæн кустуæттæ, абана æма ма берæ уæхæн гъæугæ социалон-хæдзарадон гъуддæгутæ. Кæд еци рæстзæрдæй хъазауатгæнæг адæймæгутæй беретæ кедæр маргцъухи бæлахæй 1937 анзи æрцудæнцæ рæстбæл исæфт, уæддæр син гъæу сæ хуарздзийнæдтæ нæ иронх кæнуй, имисуй син сæ рохс нæмттæ, гъæунгтæ син исаккаг кодта сæ номбæл.

Лескейнæгтæ Устур Фидибæстон тугъди рæстæги дæр сæхе бавдистонцæ бæгъатæр тугъдонтæй. Немуцаг-фашистон æрдонгтæ нæ Райгурæн бæстæмæ гадзирахаттæй æрбалæбурдтонцæ, зæгъгæ, хабар куддæр райгъустæй, уотæ гъæубæсти тугъдгъон нæлгоймæгтæ фæдесонæй цæун байдæдтонцæ цъамар знаги нихмæ тохмæ.

Редакцийæй. Еци тугъдонти хæццæ адтæй æригон поэт **Амилахуанти Илья** дæр. Уæд ци æмдзæвгæ ниффинста, уоми уотæ зæгъуй:

*Æрбакодтон æд бæрцитæ мæ цохъа,*
*Æбабастон мæ астæубæл мæ хъæма.*
*Æрбагæлстон мæ сау нимæт мæхебæл.*
*Тохмæ цæугæй, зинаргъ æмбал, ци 'й дзебæл!*



**Не 'мзæнхон æхсаргин тугъдон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Давыдов Ладо Ширишшай фурти райгурдбæл 18 августи æнхæст кæнуй сæдæ анзи (1924-1987).**

***Æма ’й ку иссирдтонцæ, уæд нæуæг деси десæй бацудæнцæ... Куд рабæрæг æй, уотемæй мах фидтæлтæ адтæнцæ дуйнебæл игъустгонд адæмихатт – алантæ. Нæ рагфидтæлтæ – алантæ!.. Куд гъæуама нæ уæн мах сæрустур!.. Куд гъæуама нæ уæн ихæсгин бæрнондзийнадæй, уæхæн истори нин уогæй? Æма гъæуама абони нæхемæ æргомæй æркæсæн, цæйбæрцæбæл рæстзæрдæй æнхæст кæнæн нæ цитгин фидтæлти размæ нæ ихæстæ?..***

*Æрлæудтæн æз тохи надбæл хъæбæр тагъд.*
*Æр-ма кæнæ дæ фæндурæй ду еу цагъд!*
*Зонун, кизгай, мæ фæндаг æй зин, изол.*
*Хъаурæгин æй гйаур фашист, нæ фудгол.*

*Мах царди рохс барæмодзун – æ нисан,*
*Фал базонæд, Люксембург ин ку нæ ан.*
*Мах Цæдесæн басæттæнтæ некæд ес.*
*Æнæмæнгæ мах уодзæнæй уæлахез!*

Гъæубæстæй ци авдсæдæ адæймаги рандæнцæ немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохмæ, уонæй æртæсæдæ сæ цард иснивонд кодтонцæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау. Цæунцæ рæстæгутæ, ирæзунцæ нæуæг тугъд ка нæ æррæйафта, уæхæн фæлтæртæ, фал гъæубæсти дзиллæй иронх нæ кæнунцæ æдзард тугъдонти рохс нæмттæ. Сæ номерæнæн син гъæуи бæрæгастæу æвæрд æрцудæй æрттевагæ дорæй амад циртдзæвæн, æ рæбун ба – æносон зингарт цæфсуй...



Тугъди фæсте рæстæгути царди уавæртæ кæд æма хъæбæр зин адтæнцæ, уæддæр гъæубæсти бон иссæй сæ царди хабæрттæ, куд гæнæн æма амал адтæй, уотæ рæвдзæдæр кæнун. Æма син æнтæсгæ дæр хъæбæр берæ кодта.

Лескенæн æ бон сæндтадæ кæнун цæмæй æй, еци гъуддæгутæн уотид сæ ранимайун дæр берæ бунат нийиахæсдзæнæй. Зæгъæн, уæлдай цитгин сæмæ алкæддæр адтæнцæ æма æнцæ гъæуи кæстæрти хæццæ архайæг ахургæнгутæ.

Астæуккаг скъолай фиццаг къласæй еуæндæсæймаги уæнгæ ирæзгæ фæлтæрти ка ахур кæнуй, етæ еугурæйдæр, зæгъун æнгъезуй, æнцæ хегъæуккæгтæ. Хестæр кълæсти си ка косуй, уонæй сæ еугуремæ дæр ес уæлдæр ахургонддзийнадæ. Аллихузи хуæрзеугутæ си лæвæрд кæмæн æрцудæй, уæхæнттæ дæр се ’хсæн дзæвгарæ ’нцæ.

**Хидирти Рамазан**, скъолай куста ахургæнæгæй, берæ æнзти дæргъи ба ин æ коллективæн разамунд лæвардта куд директор, аккаггонд ин æрцудæй Уæрæсей Федераций æскъуæлхт ахургæнæги кадгин ном. Еци кадгин ном лæвæрд æрцудæй **Айдарти Земфирæн** дæр. Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæги ном лæвæрд æрцудæй скъолай фæстæдæри директор **Хъаирти Слангерийæн**. **Дамбегти Хулимætæн** аккаггонд æрцудæй нисанеуæг «Адæмон ахуради отличник».

Лескени астæуккаг скъола каст ка фæцæй, уонæй беретæ иссæнцæ устур ахургæндтæ. **Исати Мæхæмæт** æма **Хути Адæлбий** иссæнцæ академиктæ, **Сабайти Сулейман**, **Хачирти Анзор**, **Махъоти У.**, **Хачирти Д.**, **Надгерити Мæхæмæт**, **Тахъазти Харум**, **Цорионти Барис**, иссæнцæ профессортæ. Лескейнаг æй Иристони номдзуд композитор **Цорионти Резван** дæр, уæдта уомæн æ фурт **Аркадий** дæр иссæй зундгонд композитор. Мадта спорти дæр лескейнæгтæй беретæ фескъуæлхтæнцæ, уонæй еу æй **Елхъанти Эльбрус**, е гъæбесæйхуæцгути ’хсæн райста Советон Цæдеси чемпиони ном. **Берити Æхсарбеги** ба кæд уæззау нез æригонæй æрæййафта æма æ искурдиадæ æнхæстæй нæ раргом æй, уæддæр куд хузæгæнæг, уотæ зундгонд æй æнæгъæнæ Иристони дæр. Æ конд хузти равдиститæ хъæбæр фæццудæнцæ гъæуи, райони, Дзæуæгигъæуи цæргути зæрдæмæ.

Лескейнæгтæй æхсæнади æма кустуæтти устур бунæттæ ка ахæста æма ахæссуй, етæ дæр минкъий нæ ’нцæ. Дохтиртæ, инженертæ, агрономтæ, фонси дохтиртæ, зоотехниктæ æма адæмон хæдзаради берæ æндæр къабази дæсни специалисттæ.

Фал гъæу кæбæл æнцайуй, æ бундор ка ’й, етæ ба æнцæ, ка си цæруй фидæйфуртмæ, еци косæг адæм. Алке дæр си æхе хеди къеуæй искодта хуарз рæсугъд фадуæттæ. Уомæ гæсгæ Лескен æй минкъий сахари хузæн. Хæдзæрттæ, уæрдундæнттæ æма æндæр хæдзарадон фадуæттæ æнцæ агорийæй амад, сæ сæртæ ба къалайæй æмбæрзт, гъæунгтæ æррæстæ, хуарз гъудгонд. Фал, куд фæззæгъунцæ, муди къоси дæр къæмæ ниххауй. Лескени раздæр гъæйттæй ци кустуæттæ æма æндæр цардгъон фæрæзнитæ арæзт æрцудæй, уонæй берæ цидæртæ нæбал ес. Совхоз æдзæллаг уавæрмæ æрхаудтæй, æ рæзбунтæ цагъд æрцудæнцæ, бæхæргъау си нæбал ес, рæзæлæмарæн цех лæвæрд æрцудæй æндæр рауæнмæ, устур куройнæ хоритауæн фæцæй, рæзискустгæнæн завод тугъди рæстæги ниппурхæ ’й æма ’й æргъувæг нæбал фæцæй. Нæбал æнцæ æгас гъосингæнæн, агоригæнæн æма къирсодзæн заводтæ, уæдта гарнатæ. Завод «Бином»-æн ами ци цех адтæй, е дæр æма никки уæхæн кустуæттæ дæр æхгæд æрцудæнцæ. Уомæ гæсгæ гъæуи косæг адæмæн, уæлдай дæр фæсевæдæн, нæбал ес куст. Раздæр ма фæццæуиуонцæ æндæр рауæнтæмæ, фал ма нурба кумæ?

Фал лескейнæгтæ æнцæ зинтæбæл фæлтæрд, кустуарзон æма мадзалгин: кæрæдзей хæццæ хæларæй цæрунцæ, кæрæдземæн нифс дæттунцæ æма гъæу æ царди зилд кæнуй. Ци хузи специалисттæ ба си нæййес!.. Ес си шофертæ, трактористтæ, механизатортæ, электриктæ, монтертæ, хуйгутæ, аразгутæ æма æндæртæ.

Кæрæдземæн сæ бон куд æй, уотæ агъаз кæнунцæ, сæ зин æма сæ цийнæ дæр æнсувæрти хузæн. Нæ дигорон æвзаг æма сæ не ’гъдæуттæ гъæунцæ æма, ци сæ бон æй, уомæй архайунцæ сæ багъæуай кæнунбæл æма сæ идарддæри райрæзтбæл.

Хуцауи лæварæй гъæуи ес хъаурæгин адæймæгутæ, кæцитæ зæрдиагæй амæлттæ кæнунцæ сæ райгурæн гъæубæсти цардиуагæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнунбæл. Уонæй фиццагдæр æй **Къолойти Харум**, кæций фæрци гъæумæ уагъд æрцудæй кърантти дон æма æрдзон газ.

Харум исаразта гъæуæн абана, исцалцæг кодта спортивон зал, цалдæр анзи æ усхъæ фæддардта совхозмæ, уæлмæрдтæмæ дæр гъæуи медæгæ транспортон нæдтæ æма къахнæдтæ нимбарзта асфальтæй, исаразта æртæсæдæ адæймаги кæми косдзæнæй, уæхæн хуйæн фабрикæ æма уойбæрцæ адæмæн куст уодзæнæй медгъæу, еугур гъæуи хæдзæрттæн дæр рафинсуй газеттæ æхе харзæй. Бавналдта ма дууæуæладзугон сæйгæдонæ æма мæзгит аразунмæ дæр... Мадта æ еума арфиаг гъуддаг ба е æй, æма æхе фæрæзнитæй радех кодта æхца инсæй тухст хæдзаремæн агъаз кæнунæн æма син сæ дæттуй алли мæйæ дæр. Берæ хуарздзийнæдтæ аразуй Къолойти Харум, адæм сæ бæлвурдæй зонунцæ æма си арфиаг æнцæ.

Хуарзæй фæббæрæг æй гъæубæсти цардиуагæбæл **Тагъати Дзабай** хуæрзауодундзийнадæ дæр. Зæгъæн, хурæй исрæвдзæ кодта кæцидæр гъæунгти нæдтæ.

Аци адæймæгути арфиаг гъуддæгути кой айдагъ сæ растауни туххæй нæ ракодтон, фал уомæ гæсгæ дæр, æма лескейнæгтæй ма кедæрти бон æй уæхæн гъуддæгутæй гъæубæстæмæ фæккæсун, æма хуарз уидæ, етæ дæр ку фæрразæнгард уиуонцæ. Хуцау уонæмæ дæр уæхæн лæгигъæдæ разиннун кæнæд... Гъæуи фарнæ ба берæ уæд!..

***РЕДАКЦИЙÆЙ.*** *Хидирти Ехйа æ райгурæн гъæуи туххæй æ радзубандийæн хумæтæги нæ ниввардта æхе финст æмдзæвги цуппаррæнгъон, кæцими уотæ зæгъуй: «О, мæ райгурæн гъæубæстæ, Мæ уод дин кæнун нивонд...» Махмæ гæсгæ, аци загъди арф гъуди багъардзæнæй лескейнæгтæй ма нуртæккæ гъæуи ка цæруй, уæдта си æндæр рауæнти ка цæруй, уонæн сæ еугурей зæрдитæмæ дæр æма разæнгардæй архайдзæнæнцæ сæ райгурæн гъæубæсти хуæрзамондбæл.*







**Зундгонд æфсæддон æма æхсæнадон архайæг, инæлар-болкъон Суанти Николайи фурт Станиславбæл 21 августи æнхæст кæнуй финддæс æма æртинсæй анзи. Хъæбæр æхцæуæнæй дин, Станислав, арфæ кæнæн! Æнæнез æма зæрдирай уо!**

*ТЕМИРАТИ Давид (1924-2007), театралон аййевади номдзуд архайæг, финсæг: «Некæмæ хицæ кæнун зæнхæбæл – нæдæр гъæздугдзийнадæмæ, нæдæр кадæхæссæг æрттевагæ хуæрзеугутæмæ, нæдæр сæрустур уни барæдæттæг уæлахезтæмæ, бæрзонд бунæттæмæ. Гъо, етæ дæр гъæунцæ, фал мæн гъæунцæ айдагъдæр уомæн, цæмæй си дæу зæрдæ балхæнон, дæу æнгас си раздахон ме 'рдæмæ. Тæходуй, ду кæмæ фæхходис, дæ хуарзæнхæй ке фæххайгин кæнис!..*








# «МÆ ДЕДЕНÆГ ГЪÆУБÆСТÆ, КУСТУАРЗОН ЛЕСКЕН...»



***Сæргондæн ци рæнгъæ ниввардтан, уой райстан лескейнаг хъиамæтгун лæг æма хуæдахур поэт Цъеути Замæдини финст «Лескени зар»-æй. Уой дæр уомæн, æма Лескен, æцæгæйдæр, кустуарзон гъæубæстæ ке 'й, е Иристони хуарз зундгонд æй. Æркæсайтæ алли рæстæгути газеттæмæ, æма си æнæмæнгæ иссердзинайтæ лескейнæгти хъазауатон фæллойни туххæй æрмæгутæ. Уонæбæл кæрæй-кæронмæ дзоруни равгæ нин газети еу номери нæййес, уомæ гæсгæ ба мухур кæнæн хецæн фæллойнæгæнгути къартæ. Уонæн сæ еугурей исбæлвурд кæнун нин нæ бантæстæй, уомæ гæсгæ нæ зæрдæ дарæн, гъæуи цæргутæй сæ ка бафæсмæра, етæ нин сæ фегъосун кæндзæнæнцæ æма сæ, ка 'й зонуй, нæуæгæй ниммухур кæндзинан. Хъиамæтгун адæм адтæнцæ æма сæ фæлтæрæй-фæлтæрмæ гъæуама зононцæ нæ дзиллæ.***

*Аци фæрстæбæл ци къартæ мухур кæнæн, уони нин равардтонцæ гъæуи цæргутæ.*







*Тæходуй, ескæд бони ду кæмæй зæгъдзæнæ, мæн æй, зæгъгæ!.. Ду ке исаккаг кæндзæнæ дæхецæн æма ке ниттохдзæнæ дæ гъар гъæбеси!.. Тæходуй, дæ зарæги ку ракæнисæ мæ кой, дæ гъарæнги ку райгъусидæ мæ ном!.. Абони æргомдзурд дæн, фиццаг æма фæстаг хатт, æма ’й зæгъун, уадзæ е ба ’й еугурдæр зононцæ дæ кæдзос, дæ кадгин ном, мæ хъазар, ке некæд некæбæл баййевдзæнæн, еци уарзон... Мæ Райгурæн бæстæ!..»*



Устур Фидибæстон тугъди ка архайдта, еци лескейнаг тугъдонти къуар.



Устур Фидибæстон тугъди рæстæг сæ цард Райгурæн бæсти сæрбæлтау ка иснивонд кодта, уони номерæнæн Лескени æвæрд ес цыртдзæвæнтæ. Ирæзгæ фæлтæртæ син цитгин кæнунцæ сæ рохс нæмттæ.




Абони дæр, дуйней сабурдзийнадæ тæссаг уавæри ку æй, Уæрæсе уодфедарæй ку тох кæнуй нуриккон нацизми нихмæ, уæд бабæй лескейнæгтæ дæр еуварс нæ ’нцæ, ци гæнæн æма амал ес, уомæй агъаз кæнунцæ сæрмагонд æфсæддон операций архайгутæн.





Лескени гъæубæсти сæрустурдзийнадтæй еу æй сæ астæуккаг скъола. Дæсгай æма дæсгай æнзти дæргъи гъæуи кæстæрти цал æма цал фæлтæри фæрræствæндаг кодта сæ царди нæдтæбæл ранæхстæр угæй. Мæнæ дæлдæр ке мухур кæнæн, еци къари уинетæ скъолай раздæри рауагъдонти.






Абони скъолай еугур, тæккæ нуриккондæр равгитæ æма гæнæнтæ ес, цæмæй скъоладзаутæ æнтæстгинæй ахур кæнонцæ, æнхæстæй райсонцæ гъæугæ зонундзийнадтæ.

***Лескени модулон киунугæдонæ ку байгон æй, уобæл кæд берæ рæстæг нæма цæуй, уæддæр гъæуи цæргутæн иссæй сæ æхцæуæндæр рæстæггæрветæн рауæн. Уогæ айдагъ уонæн нæ. Киунугæдони разамонæг Елети Ларисæ куд зæгъуй, уотемæй аци сæрди нæ бæсти алли рауæнтæй гъæумæ сæ бабатæ æма нанатæмæ иуазæгуати ци кæстæртæ адтæнцæ,***



# ЛЕСКЕНИ ФАРНÆЙ ÆЗ ДÆР ЗÆРДРОХС ДÆН!..



**КОЛИТИ Витали,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

Цийфæнди гъæубæстæ дæр иннети рази æхе цитгийнагдæр кæнуй æ циуавæрдæр сæрустурдзийнæдтæй. Уæлдайдæр ба æ гъæуккæгти раурон-циуондзийнадæ æма лæгдзийнæдтæй. Еугæр уотæ ’й, уæд лескейнæгтæмæ зингæ фулдæр разиндзæнæй, сæрустур кæмæй æма цæмæй æнцæ, уæхæн дæнцитæ.

Уотæ уæ не ’ууæндун кæнун, æма аци гъæуи хабæрттæ кæрæй-кæронмæ бæлвурдæй зонун. Фал ци зонун æма ци игъосгæ ’рцудтæн, е ба мин барæ дæттуй, Лескен æй нæ Иристони цитгиндæр гъæутæй еу, зæгъгæ, зæгъун. Фиццагидæр, æ цæргути, ами ка исæнтæстæй, сæ фарнæхæссæг гъуддæгутæй нимади ка адтæй, æма абони дæр æй гъæубæсти медæгæ, Иристони дæр æма сауæнгæ Уæрæсей дæр, еци адæймæгути фæрци.

Лескени, куд фæззæгъунцæ, лæгагор цæун некæд некумæ багъудæй – сæхемæ æнхæстæй алкæддæр адтæй æма нур дæр ес аллихузон дæсниæдтæй ацъагъуæгинтæ.

Зæнхи æновуд фæллойни фæрци гъæуи цардарæзт анзæйанзмæ кодта фæрнгундæр, советон рæстæгути си æнтæстгинæй кустонцæ берæкъабазгин гъæууонхæдзарадон кустуат-совхоз, Алагири сопротивленити заводи филиал, цалдæр аллихузон промышленнон цехи æма уотæ идарддæр. Етæ æнтæстгин адтæнцæ, ка си куста, еци адæми рæстзæрдæ фæллойни фæрци. Æ рæстæги уонæй хъæбæр берети туххæй дзубандигонд цудæй дзиллон хабархæссæг фæрæзнити. Бæргæ хуарз уидæ, Лескен æ 160-анзон бæрæгбон бæрæг кæнгæй, абони уони туххæй нæ газети номгай радзорун, фал еци арфиаг гъуддаг исаразун нин нæ бантæсдзæнæй, нæ равгитæмæ гæсгæ – уомæн багъæудзæнæй цалдæр сæрмагонд номери уадзун. Еунæг уой ба зæгъуйнаг ан, гæнæн æма амал куд уа, уотæ син сæ хабæрттæ рæстæгæй-рæстæгмæ кæндзинан – уой аккаг æнцæ еци хъазауатон фæллойнæгæнгутæ.

Мæхуæдæг кæд аци гъæуккаг нæ дæн, уæддæр Лескени фарнæй æз дæр зæрдрохс дæн. Уомæ гæсгæ ба мæ фæндуй, мæхуæдæг комкоммæ хуарз ке зудтон æма зонун, еци лескейнæгти кой ракæнун. Уонæй, гъулæггагæн, абони кадæртæ не ’хсæн нæбал æнцæ (рохсаг уæнтæ, нæ Исфæлдесæг син дзенети уодæнцойнæдæр бунат исаккаг кæнæд...). Цардæгас ма си ка ’й, етæ ба нерæнгæ дæр ма, сæ хъауритæ не ’вгъау кæнгæй, архайунцæ сæ райгурæн гъæубæсти кадæ никкидæр бæрзонддæр кæнунбæл.

* * *

Лескенæй ци берæ хуæрззæрдæ æма хуæрзæгъдау адæймæгутæ рацудæй, уони кой не ’хсæн ку ’рцæуй, уæд тæккæ фиццагидæр, ци цалдæр адæймаги æрбалæууй мæ цæститi рази, уони ’хсæн фæуунцæ **Исати Мæхæмæт**, **Цорионти Резван**, **Сабайти Сулейман**, **Къолойти Харум**, **Хъарати Рамазан**, **Цорионти Барис**, **Хидирти Ехйа**, **Хидирти Валерик**, **Тахъазти Харум**, **Тахъазти Валери**, **Тахъазти Федар** æма ма берæ, берæ æндæртæ.

* * *

Мæ дзубанди ба мæ райдайун фæндуй мæнæ ауæхæн цауæй. Советон Æфсади рæнгъити уогæй, 1982-1984 æнзти службæ кодтон украинаг сахар Чернигови. Нæ полк адтæй сахарæн æхе медæгæ. Хаудтан æфсæнвæндаги æфсадмæ. Иристонæй идард Черниговмæ ку нифтудтæн æма хуссæн къазармамæ ку бацудтæн, уæд фиццагидæр мæ цæститæ цæбæл æрхуæстæнцæ, е адтæй фарсбæл устур стенд, уобæл ба хузæгонд: сурхæфсæддон æхе ниггубур кодта хеди бунмæ æма уотемæй æфсæн цæгиндзæбæл федар кæнуй рæмодзæн æрмæг. Еци хузæн æ фарсмæ ба адтæй финст: «Знаг цæмæй еци арæнбæл ма æрбайервазтайдæ, уой туххæй хеди хæццæ сæхе фехалдтонцæ…» Æма си финст цалдæр æфсæддоней муггæгтæ æма нæмттæ – номхигъди тæккæ сæрæй финст адтæй **Виктор Мирошниченко**, дуккаг ба **Хъарати Мæхæмæт**.



Уой ку бакастæн, уæд мæ бауæр куддæр уæззау низзир-зир кодта, зæрдæ æнахур рист искодта – кæд хуæрзæригон адтæн, уæддæр мæмæ багъардта еци, зæгъун æнгъезуй, ме ’мгарæ тугъдонти æверхъау фæммард; иннемæй ба мæмæ куд нæ фæззиндтайдæ, сæ хæццæ алæмæти бæгъатæрдзийнадæ ке бавдиста ме ’мзæнхон лæхъуæн дæр, уой фæдбæл сæрустурдзийнадæ дæр – идард бæсти де ’мзæнхонæн уæхæн устур кадæ уæд!.. Уогæ къумух æвзагæн зин зæгъæн æй, еци усми æз ци æнкъардтон, е.

Мæ еци сæрустурдзийнадæ ба мæ фæрразæнгард кодта Хъарати æхсаргин тугъдони хабæрттæ лæмбунæгдæрæй базонунмæ.

Хъарати Мæхæмæт райгурдæй Лескени 1920 анзи. Сурх Æфсадмæ æрвист æрцудæй 1939 анзи. Устур Фидибæстон тугъд æй æрæййафта æфсæнвæндагон æфсæдти 82-аг хецæн батальони, Харькови. Немуцаг-фашистон æрбалæборгутæ аци сахармæ ку ’рбахæстæг æнцæ æма ’й байсдзæнæнцæ, зæгъгæ, тæссаг уавæр ку исæвзурдæй, уæд сурхæфсæддонти къуарæн, сæ хæццæ Хъарай-фурт дæр, уотемæй бардзурд равардтонцæ, цæмæй хед-наддзæуæн Устур Харьковбæл нæхе æфсæдтæ ку фæддонуордæг уонцæ, уæд æй фехалонцæ. Еци бардзурд æнхæст кæнуни рæстæг ку ’рхъæрттæй, уæд æндзарæн синаг фæххустæй, уотемæй ба знаги техникæ се ’фсæддонти хæццæ æрбагулф кодтонцæ хедмæ… Æма уæд Хъарай-фурт фæммедæг æй хеди бунмæ, ке нæ фæййервæздзæнæй, уой зонгæй рандзарста ихалæн æрмæгутæбæл…

Æ еци алæмæти æскъуæлхтдзийнади туххæй æй бæргæ бавдистонцæ, цæмæй ин æ фæсмæрдæ лæвæрд æрцудайдæ Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, фал цæмæдæр гæсгæ еци гъуддаг, гъулæггагæн, нæ фæррæстмæ ’й. Уой бæсти ин аккаггонд æрцудæй Сурх Стъалуй орден.

Æхсаргин лескейнаг лæхъуæни ном иронх нæй. Хед-надгонди Устур Харькови бацæуæни федауцæ дорин цæгиндзитæй еуебæл 1981 анзи октябри æвæрд æрцудæй мемориалон фæйнæг, мæнæ ауæхæн финсти хæццæ: «Путепровод Магомета Караева – рядового 82-го батальона железнодорожных войск, комсомольца, отважного сына осетинского народа, взорвавшего в октябре 1941 года при выполнении боевого задания ценою собственной жизни путепровод с танками и пехотой противника». Æ ном ба æностæмæ хаст æрцудæй, ци 82-аг батальони службæ кодта, уой номхигъдмæ.

Исцитгин æй кодтонцæ æ райгурæн Лескени дæр: æ ном хæссунцæ гъæуи астæуккаг скъола, уæдта ами устурдæр гъæунгтæй еу. Æримисунцæ ’й алли кадгин мадзæлтти дæр.

Хъарати Мæхæмæти кой уотæ бæлвурдæй ке ракодтон, уомæй уой зæгъуйнаг дæн, æма Лескени дзиллæй тугъди рæстæг хъæбæр беретæ хъазауатонæй бахъиамæт кодтонцæ нæ Фидибæсти сæрбæлтау, æма сæ цитгийнаг нæмттæ кæрæй-кæронмæ гъæуама зононцæ нури æма исонибони фæлтæртæ, арфиаг си уонцæ...

* * *



Мæ синхон **Хъарати Рамазан** цалдæр анзей разæй фæгъгъудæй не ’хсæнæй. Цæргæ Лескени бæргæ фæккодта, фал фæстагмæ ба æ уавæртæ уотæ рауадæнцæ, æма æ кизгæ Лидæмæ (Махъоти Виктори бийнойнаг) исæфтудæй.

Мæ бон федарæй уотæ зæгъун æй, æма уомæй хуæрзæгъдаудæр æма хебæлхуæцгæдæр адæймæгутæбæл некæдма исæмбалдтæн мæ царди. Устур Фидибæстон тугъд ку райдæдта, уæд æхсæрдæсанздзудæй, æ карæ дæр нæма амудта, уотемæй æхе къахæй бацудæй райони æфсæддон комиссариатмæ æма барвæндонæй æхе рарветун кодта фронтмæ. Уодуæлдайæй фæттох кодта немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ. Уомæн хуарз æвдесæн æнцæ – тугъди будурæй æ фидиуæзæгмæ исæздæхгæй ци тугъдон хуæрзеугутæ исхаста, етæ. Уой бунати æндæр, уойбæрцæ зинтæ бавзаргæй, еугур дорзæрдæ ниццайдæ, Рамазан ба уотæ фæлмæнуод адтæй æма ’й нæ синхи сувæллæнттæ еугурæйдæр фурбозæн худтонцæ «Баба». Еудадзугдæр син æ дзиппæй адгийнæгтæ исесидæ æма байуаридæ. Æ фæсмæрдæ, ци хæдзари рамардæй, уой фарсбæл федаргонд æрцудæй мемориалон фæйнæг. Æнæсцохæй уой рæбун æвæрд фæуууй деденгутæ – уонæн сæ нисанеуæг æй æ номерæни федауцæн, мæнмæ гæсгæ ба син уой хæццæ ба ма еума нисанеуæг ес: цæмæй абони нæ бæстæ деденæги хузæн амонд æма сабурдзийнадæй æрттева, уобæл æ уæлзæнхон цард ке не ’вгъау кодта, е бæлвурдæй зинна...

* * *



Иристони уæхæн гъæу, уæхæн къум зин иссерæн æй, нæ искурдиадæгин композитор **Цорионти Резвани** кой кæми нæ фегъустайуонцæ. Резвани фидæ Хъаурбег дæр Устур Фидибæстон тугъди æ цард иснивонд кодта Райгурæн бæсти сæрбæлтау, æма биццеу гъомбæл кодта æ фæлмæнкъох мадæ Зулехани дæлбазур. Скъолай ма ку ахур кодта, уæддæр æй балалайкæй цæгъдунмæ неке мулдта. Цæй музыкалон ахурадæ гъæуама райстайдæ хумæтæг гъæууон скъолай, адтæй имæ æрдзон искурдиадæ. Аййевадон училищемæ фæлварæнтæ дæттунмæ ку бацудæй, уæд ин фæлварæни рæстæг пианинобæл æ рази нотитæ æрæвардтонцæ – гъæуама уонæмæ гæсгæ рацагътайдæ мелоди. Гъæуккаг лæхъуæн сæмæ дзæвгарæ рæстæг сæццæкæсæ фæккодта, уæдта фæлварæнесгути бафарста: «Атæ ци ’нцæ», – зæгъгæ. Куд рабæрæг æй, уотемæй Резван нотитæ ци ’нцæ, уой нæдæр зонгæ кодта, нæдæр ба сæ æ цæститæй уингæ дæр некæд фæккодта. Фал ин æ арæхстгин цагъд æма æ тæлæндзийнадæмæ ку ’ркастæнцæ фæлварæнтæ есæг къамиси иуонгтæ, уæдта ’й райстонцæ училищемæ. Фæстæдæр ба Резван хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ каст фæцæй Еревани Комитаси номбæл консерватори.

Зундгонд музыкалон уадзимисти автор, уони хæццæ ба фиццаг ирон оперæ-балет «Уарзæнтти фæзæ» (тексти автор Хæмицати Цæрай), «Зарæг аскъуыд æмбисыл», (Хъайттати Сергейи либретто), «Зæхх сиды», (Урумти Петкай дзурдтæ), оратори «Кадæг

**Зундгонд ахургонд, æхсæнадон архайæг, дипломат Къаргиати Канихъой фурт Эльбруси райгурдбæл 22 августи æнхæст кæнуй цуппаринсæй анзи (1944-2020).**

*– Звони почаще – мне так приятно на твой пропущенный смотреть…*

* * *

*А есть и те, кто не воруют, но, правда, те уже сидят.*

* * *

*– А вас, больной, вопросы пенсий не должны волновать.*

*– Вы мне хотели жизнь испортить? Спасибо, справилась сама…*



# АДТÆЙ УÆХÆН ХУТОР ЛЕСКЕНИ



**ДЗАТЦЕТИ Аслæнгерий,**
фæскомцæдесон æма партион архайæг

***Рæстæг цæуй, фæлтæртæ фæлтæрти æййевунцæ æма нæ адæми гъæздуг анзфинсти æносонгонд хабæрттæ æма цаутæ иронхуати райзайунцæ. Хестæртæй дæр сæ беретæ бæлвурд ку нæбал фæззонунцæ, уæд ма кæстæртæй ба ци агорæн... Зонун ба гъæуй сæ еугурей дæр, ахсгиаг æй æви нæй, уомæ нæ кæсгæй, уомæн æма етæ еумæ райсгæй æнцæ нæ удварни хæзнати бундор. Бундорæн еунæг дор дæр ку нæ фагæ кæна, уæд федар нæ лæудзæнæй, кæлгæ кæнуй.***

***Альманах «Литературная Осетия»-йи кæддæри номертæй еуеми мухургонд æрцудæй уац «В благодарной памяти людской». Ниффинста æй зундгонд æхсæнадон архайæг Дзатцети Аслæнгерий (гъулæггагæн, абони не 'хсæн нæбал æй, рохсаг уæд...). Еци уац нæ газети дигоронау ниммухур кæнуни фæндæ нæмæ хумæтæги нæ фæззиндтæй. Хъæбæрдæр ба уомæ гæсгæ, æма Аслæнгерий ци хабæртти туххæй финсуй, уони абони сауæнгæ Лескенæн æхеми цæрæг адæм дæр сæ фулдæр бæлвурдæй нæ зонунцæ. Æцæг нæмæ ес еу курдиадæ нæ газеткæсгутæмæ: Аслæнгерийи имисуйнæгтæбæл ести бафтауйнаг кæд ес, уæд нæмæ ниффинсетæ.***

Урух æма æрдзæй аййев Лескени будуртæ райтинг æнцæ Цæгат Иристони хорнигулæни 'рдигæй хуæнхрæбунтæй сауæнгæ Кæсæги будурти уæнгæ. Æ еуæрдигæй уайуй цæугæдон Хæзни еу къабазæ, иннердигæй – цæугæдон Лескен. Рагæй нурмæ дæр аци къум зундгонд адтæй е 'рдзи рæсугъддзийнадæй.

Уазал думгитæй гъæуайгонд цæуй, къолæбæл ци берæ таргъæдтæ ирæзуй, уони фæрци. Кæдзос уæлдæф. Цæугæдæнттæ идзаг æнцæ форель æма берæ æндæрхузи кæсæлгитæй.

Толдзæ, тæрсæ, фæруæ гъæдти æнгъезуй фæууинун аллихузон цæрæгойтæ æма гъæддаг сирдтæ, муркъæ, цумæ, нинæгъ, дзæдурæ æма æндæр гъæддаг рæзæ – уойбæрцæ дæр дæ гъæуæд! Десаги рæсугъд бунæттæ цæрунмæ æма уолæфунмæ! Фал мæ фæндуй сæ раздæри уагæбæл радзорун.

Аци будур XVIII æноси кæрони адтæй кæсгон къниæзти бæрни. Нæуæг хецæуттæ ардæмæ цудæнцæ айдагъдæр цауæни. Фал XIX æноси дуккаг æмбеси ба сæ зæнхитæ рауæйæ кодтонцæ гъæздугдæр бийнонтæн æма Дигоргоми фонсдаргутæн. Æ рæсугъд æма гъæздуг æрдзон лæвæрттæй аци къум æхемæ ивазта фулдæрæй-фулдæр раледзæг адæми. Ами æрцæрæг адæми нимæдзæ 1878-1891 æнзти исхизтæй астсæдæ адæймагей бæрцæмæ. Терки облæстон администраци син барæ равардта сæхецæн гъæууон правлени исаразунæн. Гъæу исхудтонцæ Лескен. 1910 анзи ба æ рæбун фондз километри идарддæр хонсарæрдæмæ, цæугæдон Лескени рахес фарс фæззиндтæй хутор, кæми адтæй дууадæс хæдзари. Æ бундорæвæргутæ бæ адтæнцæ фулдæр ахургонд адæм алли адæмихæттитæй; Хабаров, дохтир Мæскуйæй; Басити Миха, Цъæйийи цæрæг; Кузьменко, агроном Полтавæй; Дадиани, юрист Тифлисæй; дууæ немуцаг æнсувæри Михаил æма Альфред, гъæууон хæдзаради аллихузон специалисттæ Георгиевскæй æма æндæртæ. Сæ хутор ба исхудтонцæ Л. Н. Толстойи номæй, æ искурдиадæн аргъгæнæг ке адтæнцæ, уомæ гæсгæ.

Æрбунæттон æнцæ, аразтонцæ бæлæстæ, халсартæ, дардтонцæ фонс æма мудибиндзитæ. Хутори цæргути еу кодта айдагъ ахургонддзийнадæ нæ, фал ма адæмуарзондзийнадæ, цæйдæрбæрцæ дæр сæ æнгъизтæй рохситаугутæ исхонун дæр.

Лескени цæрæг адæми æнахургонддзийнадæ уингæй, Басити Михал æма Дадианий разæнгарддзийнади фæрци хутори цæргутæ исфæндæ кодтонцæ фæлладуадзæн бæнтти – майрæнбони – адæми 'хсæн культурон-рохситауæн куст кæнун. Дохтир Хабаров зилдæй сæйгитæбæл хæдзаргай, кастæй син лекцитæ санитарон æгъдæуттитуххæй.

Зæгъун гъæуй уой дæр, æма ами ци парахат æрдзон аразæн æрмæг адтæй – æргъæ, зменсæ æма къирæ, уонæй лескейнæгтæ нæ пайда кодтонцæ. Нæ сугътонцæ агори, гъосин, нæ фастонцæ гъæдæ (сæхемæ ба адтæй æртæ хирхфадæни). Цардæнцæ сахъари уомæл зæнхбун хæдзæртти, кæцити сæртæ адтæнцæ гъæмпæй æмбæрзт. Хабаров син еу æма дууæ хатти нæ зæгъидæ уой тухxæй:

– Цалинмæ уæ цæрæнуæттæ гъæугæ уагæбæл нæ исаразайтæ, уалинмæ уин нецæй тæссаг уодзæнæй уæхецæн дæр æма уæ сувæллæнттæн дæр. Уæ алливарс ес, цидæриддæр уæ гъæуй хузæнон цæрæнуæттæ аразунæн, етæ, айдагъдæр уæ гъæуй еумæйагæй архайун райдайун. Уæ хъиамæт дзæгъæли нæ уодзæнæй.

Лæмбунæг син дзурдта сæ хуæрди тухxæй дæр. Хабаров хуарз зудта бунæттон адæми иуазæгуарзондзийнадæ (ци хуæздæр – уой иуазæгæн), фал син дзурдта, уæхе дæр ма иронх кæнетæ, зæгъæ. Сæйгитæ кæмæ уидæ, уонæн ба дарун кодта сæгътæ, цæмæй етæ ниуазтайуонцæ сæгъи æхсир, рæугути незæй ка садæй, уонæн ба ниуазун кодта месин. Агроном Кузьменко ба, зæнхитæ ке нæ фагæ кодта, уой тухxæй никкæрдун кодта гъæуи алфамбулай зæнхити ци æнæгъæугæ къотæртæ ирæзтæй, уони, æма син сæ бунати ба картоф нийиаразтонцæ.

Амудта син, циуавæр мугæгутæ аразгæ 'нцæ, куд зелун гъæуй картофмæ æма 'й куд æма кæд æфснайун гъæуй, уони.

– Картоф дуккаг дзол æй, – зæгъидæ Кузьменко. – Багъæуаги æй байевун æнгъезуй мæнæуи инсадбæл æма кæрдзини бæсти дзол хуæрдзинайтæ.

Агроном Кузьменко гъæуккæгти хæццæ ку дзоридæ, уæд æ хæццæ уидæ еци Басити Миха дæр, кæци адæми хæццæ æнцонтæй райеридæ еу æвзаг. Тагъд рæстæги хутори адæми амундтитæй пайдагæнгæй, лескейнæгтæн сæ бæркад фулдæр кæнун райдæдта, фал хъæбæрдæр ба лескейнæгтæ арази адтæнцæ Миха æма Дадианийæй сувæллæнтти æргом ахурадæмæ ке раздахтонцæ, уомæй. 1913 анзи январи гъæууон æмбурди дзубанди цудæй округи æма облæсти хецауади исарази кæнун, цæмæй Лескени еумæйаг ахурадон скъола игонгонд æрцæуа. Михал æма Дадиани рандæнцæ Дзæуæгигъæумæ æмбурди протоколи хæццæ. Берæ къæхкъуæрæнти фæсте сæ курдиадæ æнхæстгонд æрцудæй æма еци анз скъола райгон æй.

Лескени ма берæ рæстæгути гъуди кæнунцæ æнсувæртæ Михаил æма Альфреди. Деникини æфсад Терки облæст ку байахæстонцæ, уæд Лескен æмæ Дæргъæвси 'хсæн архайдта партизанти устур къуар, кæци тох кодта адæми 'знæгти нихмæ. Еци къуари архайдтонцæ Альфред æма Михаил дæр. 1919 анзи апърели бæгъатæрæй фæммард æй Альфред, 1920 анзи мартъий ба Нальчикмæ хæстæг фæммард æй е 'нсувæр Михаил.

Уæдæй нурмæ берæ рæстæг рацудæй. Хутори цæргутæй уотæ берæ ка байархайдта, лескейнæгтæн сæ царди уавæртæ фæххуæздæр кæнунбæл, уонæй æгас некебал æй. Фал сæ хуарз гъуддæгутæ ба лескейнæгтæй гъæуама иронх ма уонцæ, зононцæ æма сæ имисонцæ, боз си уонцæ.

## КÆРОНБÆТТÆНИ

## «ДÆУÆН КÆНУН МÆ ЗАР...»



Лескейнæгтæй литературон исфæлдистади æнтæстгинæй ка фескъуæлхтæй, уонæй еу адтæй Цъеути Замæдин дæр – поэт æма прозаик. Æ райгурæн Лескенбæл æновуд ке адтæй, зæрдтагон уарзтæй æй ке уарзта, е æ исфæлдистади дæр зинный бæлвурдæй. Æма ин уой фæдбæл финст уадзимистæй еуей абони мухур кæнæн.

### ЛЕСКЕНИ ЗАР

Дæуæн кæнун мæ зар,
Мæ аргъау, мæ гъар фунтæ,
Мæ деденæг гъæубæстæ,
Кустуарзон Лескен.
Дæ медзилди бæрзæндтæ,
Тар гъæдтæ, рæзбунтæ,
Дзæнгъа сауæдæнтæ
Æнæзонгæ неке 'й.

*Базард:*
*Фæрсаг мин, мæ лимæнтæ, фæрсаг!*
*Дзæгъæл лæуд маке кæнæд фæрсæй,*
*Мах æхсæн некæмæн ни 'й еске*
*Нæ устур зæрдинцойнæ Лескен.*

Кæмидæр уон, уæддæр
Дæу агоруй мæ цæстæ,
Дæ федауцæ гъæунгти
Сагъæсти зелун:
Дæ фæрнгин дзилли 'хсæн,
Мæ тæнзæрдæ гъæубæстæ,
Бæдолау уарзойнади
Табедзæ ерун.

*Базард:*
*Фæрсаг мин, мæ гъæугкæгтæ, фæрсаг!*
*Дзæгъæл лæуд маке кæнæд фæрсæй,*
*Мах æхсæн некæмæн ни 'й еске*
*Нæ фæлмæн мади хузæн Лескен.*

Дæ сахъ фурттæ дæуæй
Зæрдизол некæд æнцæ,
Багъæуаги дæмæ
Балæуунцæ æнгон.
Етæ дæр дæу хузæн
Цард уарзæнттæ фæцæнцæ
Æма дин сæрбæрзондæй
Хæссунцæ дæ ном.

*Базард:*
*Фæрсаг мин, нæ хуарз адæм, фæрсаг!*
*Дзæгъæл лæуд маке кæнæд фæрсæй,*
*Мах æхсæн некæмæн ни 'й еске*
*Нæ рæсугъд цардаразæг Лескен.*

Дæуæн кæнун мæ зар,
Мæ аргъау, мæ гъар фунтæ,
Мæ деденæг гъæубæстæ,
Ме 'рæзгæ – Лескен.
Дæ медзилди бæрзæндтæ,
Тар гъæдтæ, рæзбунтæ,
Дзæнгъа сауæдæнттæ
Æнимисгæ неке 'й.

*Базард:*
*Фæрсаг мин, уæ еугур дæр, фæрсаг!*
*Дзæгъæл лæуд маке кæнæд фæрсæй,*
*Мах æхсæн некæмæн ни 'й еске*
*Нæ кæдзос, сугъзæрийнæ Лескен.*

Дигорæ
**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Сæйраг редактор: САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**

**Газет исаразæг æма уадзæг:**
РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.

**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ15-00141, 2017 анзи 14 апърели. Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **650**. Заказ **№ 1746**.
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 15.08.2024.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 15.08.2024.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций арæзийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**
**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ автортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**
**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**